



Pou Piblikasyon Imedya: 21/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ A BON MACHE POU 20 MILYON DOLA NAN SCHENECTADY

***Renaissance Square Apartments transfòme lekòl St. Mary istorik ki pa te eksplwate lontan sa a epi pote 55 kay nan pri abòdab nan Schenectady***

***Devlopman an kontinye revitalizasyon katye Eastern Avenue nan Schenectady a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèyman Renaissance Square Apartments, yon devlopman lojman nan pri abòdab ki koute 20 milyon dola nan katye Eastern Avenue nan Schenectady. Pwojè a transfòme lekòl St. Mary istorik la pou tounen 25 apatman epi konstwi yon bilding siplemantè ki gen 30 apatman, sa ki kreye lojman nan pri abòdab nan Schenectady ak ede nan revitalizasyon vil la.

"Nouyòkè ki travay di yo bezwen yon plas yo kapab viv nan pri abòdab ki nan yon katye ki san danje ak atiran, ki gen aksè ak sèvis kominotè yo kapab konte sou yon pou pwospere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Atravè yon reyitilizasyon adapte estrikti istorik sa a, Renaissance Square Apartments ap enjekte nouvo lavi nan espas sa ki t ap dòmi depi lontan nan katye Eastern Avenue Schenectady, ki pote avèk li kay nan pri abòdab ki pral ede plis transfòmasyon remakab vil sa a te pase nan dènye ane yo".

Konstwi nan kòmansman 20yèm syèk la, Lekòl St. Mary a nan 104 Irving St. te fèmen an 1979 epi te tonbe nan delabreman. Konvèsyon bilding lan an 25 apatman te konsevwa pou prezève eleman achitekti orijinal estrikti a, sa gen ladan fenèt eksteryè nan fòm ak epi dispozisyon brik yo.

Twa bilding komèsyal ki vid nan 817, 819 ak 823 Eastern Avenue te demoli ak ranplase avèk estrikti ki gen de etaj ki gen ladan 30 apatman. Ansanm, Renaissance Square gen ladan sis apatman ki gen yon sèl pyès, 44 apatman ki gen yon chanmakouche ak senk apatman ki gen de chanmakouche. Tout 55 apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 80 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan oswa pi piti pase sa.

Gade [foto](#) Renaissance Square Apartments.

Chak apatman gen aparèy elektwomènaje Energy Star, gen sistèm chofaj ak klimatizasyon ki kontwole yo yon fason endividyèl, ak depo. Ekipman anplis yo gen

ladan yon sal kominotè, sant egzèsis fizik, enstalasyon lesiv sou plas ak depo pou bisiklèt pa anndan.

Ekip devlopman an se Better Community Neighborhoods, Inc. (BCNI) ak Home Leasing, LLC kòm ko-pwomotè avèk Betts Housing Partners kòm konsiltan lojman an.

Finansman Eta pou Renaissance Square Apartments gen ladan kredi enpo federal ak eta sou lojman pou moun ki gen revni fèb ki jenere 16 milyon dola nan fon pwòp; ak apeprè 296,000 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la. Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) Eta New York la ak kredi taks istorik federal ak eta a ki te jenere 3.2 milyon dola nan fon pwòp. Bank Fonsyè Rejyon Kapital (Capital Region Land Bank) la te bay 400,000 dola.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare,** "Investisman nou nan Renaissance Square Apartments pou 20 milyon dola a se yon kontinyasyon efò eta a pou revigore Schenectady avèk nouvo lojman abòdab ak sèvis elaji. Lekòl St. Mary ki gen yon syèk la te tounen yon bagay ki lèd ak yon danje, men transfòmasyon bilding lan reprezante sa ki kapab akonpli lè nou travay ansanm avèk enterese lokal yo pou rezoud pwoblèm ak satisfè bezwen inik kominote a. Atravè patenarya nou avèk Better Community Neighborhoods, Inc. ak Home Leasing, 55 nouvo lojman sa yo pral amelyore kalite lavi pou fanmi Schenectady ak enèjize kwasans ekonomik nan katye Eastern Avenue".

Renaissance Square Apartments fè pati plan lojman 20 milya dola sou senk an san presedan eta a. Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) nan dènye ane plan an, sa ki rann lojman vin aksesib epi li goumen kont sityasyon sanzabri lè li konstwi epi prezève plis pase 100,000 inite lojman nan pri abòdab epi 6,000 inite lojman ki bay sipò. Depi lane 2011, ajans lan te investi 490 milyon dola nan Rejyon Kapital la pou kreye oswa prezève anviwon 5,600 lojman nan pri abòdab.

**Erik Kulleseid, Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik la, te deklare,** "Renaissance Square Apartments te konstwi dabò an 1913 pou sèvi kòm lekòl pou St. Mary's Roman Catholic Church parish. Enskri nan rejis eta ak nasyonan nan ane 2017, ansyen lekòl la reprezante kwasans ak fyète yon kominote imigran polonè kòmansman 20yèm syèk la ki te vini nan Schenectady pou travay nan atelye dinamik General Electric Co. Plis pase 100 ane apre, sit sa a te revitalize pou sèvi kominote li yon lòt fwa ankò epi te itilize pwogram kredi enpo istorik la pou prezève sit la nan avantaj jenerasyon alavni an".

**Gary McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare,** "Anons jodi a se yon etap enpòtan nan efò revitalizasyon nou yo nan koridò Eastern Avenue an. Pandan sèlman de dènye ane pase yo, twonson uit san mèt soti Landon Terrace rive Elmer Avenue a te sibi yon transfòmasyon dinamik avèk plis pase yon douzèn inisyativ revitalizasyon nan katye ki te resamman fini oswa ki ankou. Nan non Vil Schenectady, mwen vle remèsye

tout patnè devlopman ekonomik enkwayab nou yo ki te enplike nan efò sa a pou sipòte pwogrè nan kominote nou an".

**Prezidan Konsèy BNCI, Chad Kilbourne, te deklare,** "Renaissance Square reprezante kòmansman BNCI pou reyalize vizyon nou ak elan fizyon nou pou kontinye investi nan katye Schenectady yo ak moun k ap viv ladan avèk kapasite ak kowòdinasyon ki kontinye ogmante atravè plizyè sektè nan kominote nou an. Nou onore pou nou fè pati yon gwo konpliman moun ki angaje avèk soutyen kòlèg sivik, fondasyon ak sa ki pou fè pwofi ak sa ki pa pou fè pwofi pou avansman kontinyèl kominote nou an".

**Direktè Egzekitif Jeneral Home Leasing, Bret Garwood, te deklare,** "Renaissance Square pouswiv objektif pou kreye lojman nan pri abòdab nan Schenectady, NY, ak Home Leasing eksite pou patisipe nan efò eksitan an pou amelyore kalite lavi. Prezèvasyon ansyen Lekòl St. Mary a ak bilding apatman ki fèk konstwi nan Eastern Avenue an pral bay 55 apatman akeyan pou rezidan yo. Mwen remèsye patnè devlopman kominote lokal la, BCNI, Renouvèlman Kay ak Kominote yo (Homes and Community Renewal, HCR) nan Eta New York ak tout patnè nou yo nan kominote sa a".

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Achèvman Renaissance Square Apartments vrèman transfòmè, fè reviv pwopriyete ki te vid pandan yon bon tan avèk lojman nan pri abòdab ki gen bon kalite pou rezidan yo nan vil la. Pwojè sa a pral asire plis fanmi kapab rete ak anrasine isit la nan Schenectady, sa ki ajoute fòs nan kominote nou an. Rezidan yo ki pral viv nan inite sa yo se kolòn vètebral vil nou an. Yo merite aksè ak lojman sipò, modèn epi konplèks sa a se rezilta investisman entèlijan eta ak federal nan resous esansyèl sa a".

**Senatè Jim Tedisco te deklare,** "Achèvman Renaissance Square Apartments pral ofri plis rezidan nan Schenectady yo yon plas abòdab yo kapab rele lakay epi ede kontinye efò revitalizasyon ak pote devlopman ekonomik nan katye a".

**Vis Prezidan Asanble Lejislatif Konte Schenectady, Philip Fields, te deklare,** "Renaissance Square Apartments se yon adisyon ki byenvini nan reyamenajman kontinyèl katye Eastern Avenue an. Nou fyè pou wòl Konte a jwe atravè Bank Fonsyè Rejyon Kapital la ak Metropolex pou travay depre avèk Eta a pou transfòme ansyen Lekòl St. Mary a ak yon gwoup bilding vid nan Eastern Avenue pou tounen yon resous 20 milyon dola pou kominote a ak lojman bon kalite, nan pri abòdab pou rezidan nou yo".

**Jolie Milstein, ki se Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Asosyasyon Lojman Abòdab Eta New York la (New York State Association for Affordable Housing), te deklare,** "Transfòmasyon enkwayab ansyen bilding komèsyal vid la ak reyabilitasyon Lekòl St. Mary pou tounen 55 lojman nouvo, nan pri abòdab ak trè modèn pou Schenectady se yon temwayaj pouvwa plan lojman sou senkan New York la. Nou felisite HCR, Home Leasing ak tout pil patnè ki te rann pwojè sa posib. Asosyasyon

Eta New York pou Lojman Abòdab la enpasyan pou travay avèk eta a pou egzekite yon nouvo plan lojman sou plizyè ane pou fè pwojè tankou Renaissance Square posib nan chak kominote nan New York".

###

Lòt nouvel disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)